



THE STATE EDUCATION DEPARTMENT / THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK / ALBANY,
NY 12234

OFFICE OF P-12 EDUCATION: Office of Special Education
89 Washington Avenue • Albany, NY 12234
www.p12.nysed.gov/specialed/

Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department)

Pwogram-Pilòt pou Fasilitasyon Pwogram Edikasyon Endividyèl [Individualized Education Program (IEP)]

Wòl Fasilitatè IEP a

Sou demann epi avèk akò ant tout moun ki konsène yo pou Fasilitasyon IEP, yo deziyen yon Fasilitatè IEP. Nan reyinyon an, Fasilitatè a:

- ede manm komite sou edikasyon espesyal [special education (CSE)] oswa komite sou edikasyon espesyal preskolè [preschool special education (CPSE)] idantifye bezwen timoun nan epi kreye yon IEP chak moun kapab dakò sou li;
- ede komite (CSE/CPSE) rezoud pwoblèm yo ak dezakò yo konsènan IEP a;
- pa ofri konsèy legal, konsèy sou règ oswa konsèy sou règleman, men li ka bezwen eklèsi (eksplike) lè plis enfòmasyon nesèsè;
- ede kenbe komunikasyon louvri pami tout manm komite a (CSE/CPSE);
- ede manm komite (CSE/CPSE) kreye epi poze kesyon pou yo pi byen konprann;
- ede manm komite (CSE/CPSE) konsantre epi nan limit tan ki rezève pou reyinyon an;
- ap san patipri epi p ap pran pozisyon, p ap repwoche oswa p ap detèmine si yon desizyon patikilye kòrèk oswa pa kòrèk;
- pa fòse yon desizyon sou gwoup la;
- pa yon manm CSE oswa CPSE; epi
- pa aji kòm prezidan reyinyon an.